



Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 7.3 MILYON DOLA DISPONIB KOUNYE A NAN PI NOUVO FAZ SIBVANSYON ENPAK KOMINOTÈ POU JISTIS ANVIWÒNMANTAL

Opòtinite sibvansyon an ouvri 29 avril pou adrese enkyetid anviwònmantal yo nan kominote polisyon ak chanjman klimatik plis afekte yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 7.34 milyon dola disponib nan Sibvansyon Enpak Kominotè pou Jistis Anviwònmantal (Environmental Justice Community Impact Grants) pou ede kominote ki pi vilnerab yo kont enpak polisyon ak enkyetid chanjman klimatik yo ak polisyon eritaj. Sibvansyon yo pral sipòte pwojè òganizasyon kominotè yo ki angaje kominote yo nan tout kesyon jistis anviwònmantal yo epi ankouraje solisyon ki akse sou kominote yo.

"New York kontinye demontre angajman klè li pou l bay resous ki nesèsè pou adrese fado anviwònmantal, sante piblik ak ekonomik ki afekte kominote defavorize yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo finansman sa a pral dirèkteman sipòte òganizasyon kominotè yo ki adrese pwoblèm lokal yo epi devlope solisyon an patenarya ak eta a pou amelyore kalite lavi, amelyore kalite lè a ak ede asire yon avni ki pi pwòp, ki pi vèt."

Se Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a ki administre finansman sa a epi se Fon pou Pwoteksyon Anviwònmant (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a ki bay li nan kad ajennda Jistis Anviwònmantal New York la. Depi 2006, DEC te jwenn prèske 15 milyon dola nan Sibvansyon Enpak Kominotè pou òganizasyon kominotè yo pou pwojè ki angaje kominote yo nan tout kesyon jistis anviwònmantal yo epi ankouraje solisyon ki akse sou kominote yo. Òganizasyon kominotè yo kapab aplike pou resevwa jiska 100,000 dola nan finansman pou pwojè yo ki ap adrese enkyetid sante piblik ak anviwònmantal rezidan yo nan katye ki afekte yo.

Komisè Enterimè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, DEC fyè pou l sipòte òganizasyon ak pwogram kominotè k ap travay aktivman dirèkteman nan kominote yo pou fè avanse jistis anviwònmantal. Lajan ki disponib jodi a pral sipòte pwojè ki amelyore kalite lè a, investi nan kwasans ekonomik, ak amelyore byennèt jeneral Nouyòkè yo nan jistis anviwònmantal oswa nan kominote ki defavorize yo epi bay kominote sa yo otonomi

pou yo devlope inisyativ ki abòde anpil alafwa pwoblèm ki la depi lontan ak pwoblèm anviwònmantal k ap nouvo yo."

Jistis Anviwònmantal se tretman ki jis e ki gen sans pou tout moun, kèlkeswa ras, revni, orijin nasyonal oswa koulè, ki gen rapò ak devlopman, aplikasyon, ak ranfòsman lwa, règleman ak politik anviwònmantal yo.

Pwojè ki elijib yo dwe adrese yon pwoblèm ekspozisyon yon kominote anba plizyè danje anviwònmantal epi yo dwe gen yon nouvo eleman rechèch yo pral itilize pou elaji konesans kominote ki afekte a. Pwojè anvan yo ke DEC a te sibvansyone a gen ladan syans patisipatif piblik, siveyans kalite dlo ak lè ki akse sou kominote a, agrikilti iben, restorasyon abita, plantasyon pye bwa, devlopman kourikoulòm, enstalasyon enfrastrikti vèt yo ak lòt ankò. Yon lis tout pwojè ke yo te finanse deja ak deskripsyon pwojè yo disponib sou [Open Data NY](#).

Òganizasyon kominotè, ki elijib yo, se sa yo ki sitiye nan kominote jistis anviwònmantal afekte oswa kominote defavorize, k ap sèvi rezidan yon zòn ki menm gwose oswa pi piti pase yon ti vil oswa yon vil ki andeyò Vil New York oswa yon zòn ki menm gwose oswa pi piti pase youn nan senk awondisman ki andedan Vil New York yo, epi ki gen yon revni anyèl total mwens pase 3 milyon dola.

Finansman pou sibvansyon yo se yon pati esansyèl nan angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou ede kominote yo vin pi rezistan, tankou atravè rechèch ki baze sou syans ak efò sansibilizasyon yo. Nan bidjè adopte Eta pou ane fiskal 2024-25 lan, li te kenbe finansman EPF la nan 400 milyon dola, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram nan. Anplis sipò pou jistis anviwònmantal avèk 13 milyon dola, EPF yon resous enpòtan pou pwogram anviwònmantal tankou akizisyon tè, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisan, aksè ak lwazi ak amelyorasyon kalite dlo. EPF la konplete lòt angajman istorik Eta a ki gen ladan egzijans ke 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan investisman nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè ak Lwa 2022 sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik 4.2 milya dola a pral benefisye kominote defavorize yo.

Yo pral aksepte aplikasyon yo apati lendi 29 avril 2024. Dènye delè a pou soumèt demann yo se 3 p.m. lè lès nan dat 7 out 2024. Pou yon lis enstriksyon konplè ak plis enfòmasyon, kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal DEC la nan 518-402-8556, justice@dec.ny.gov oubyen anliy sou [sitwèb Jistis Anviwònmantal DEC la](#). Yo ap aksepte kesyon sou opòtinite sibvansyon an jiska lè biwo yo fèmen nan 24 jiyè 2024. Yo egzije pou tout kandida yo enskri epi prekalifye sou paj prekalifikasyon Jesyon Sibvansyon Sistèm Finansye nan Tout Eta a (Statewide Financial System, SFS) anvan yo aplike. Depi òganizasyon yo enskri epi prekalifye, yo ka mande sibvansyon pou sibvansyon nan SFS. Tout kritè elijibilite yo, enstriksyon yo ak aplikasyon yo disponib sou entènèt sou [sitwèb Sistèm Finansye nan Tout Eta a](#).

###

Lòt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)